

## **MAKNA FILOSOFIS SAJRONE TRADHISI SEDHEKAH BUMI ING KECAMATAN BLULUK KABUPATEN LAMONGAN**

**NANIK RATNA INDARTI**  
**PENDIDIKAN BAHASA DAERAH**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**

### **Abstrak**

Tradhis i sedhekah bumi minangka salah sawijine tradhis i kang isih diugemi dening masarakat desa Songowareng, Bluluk, Lamongan. Tradhis i sedhekah bumi mujudake gegambaraning rasa syukur masarakat tumrap sakabehing kanikmatan lan kanugrahan kang wis diparingake Gusti. Tradhis i kasebut dianakake masarakat Songowareng saben setaun pisan sawise panen.

Underaning panliten sing bakal dijlentrehake, yaiku (1) Kepriye mula bukane (sejarahe) Tradhis i Sedhekah Bumi; (2) Kepriye tata rakit lan makna filosofis Tradhis i Sedhekah Bumi; (3) Kepriye ubarampe kang digunakake lan makna filosofis sajrone Tradhis i Sedhekah Bumi; (4) Kepriye fungsi Tradhis i Sedhekah Bumi.

Tujuwan panliten, yaiku (1) Ngandharake mula bukane (sejarahe) Tradhis i Sedhekah Bumi; (2) Njlentrehake tata rakit lan makna filosofis Tradhis i Sedhekah Bumi; (3) Ngandharake ubarampe kang digunakake lan makna filosofis sajrone Tradhis i Sedhekah Bumi; (4) Njlentrehake fungsi Tradhis i Sedhekah Bumi.

Paedahe panliten iki, yaiku (1) Kanggo ngleluri budaya Jawa kang diwarisake saka sesepuh; (2) Kanggo ngangkat lan medhar nilai-nilai tradhis i ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan; (3) Minangka media *kaderasi* pelaku budaya sacara regenerasi lan sarana inventarisasi lan dhokumentasi Tradhis i Sedhekah Bumi; (4) Bisa nggugah panliti liyane, supaya nindakake panliten kang luwih jero ngenani Tradhis i Sedhekah Bumi.

Lelandhesan tintingan kang dienggo nganalisis perkara-perkara yaiku konsep filsafat nggunakake panemune Saryono (2011:72), konsep semiotik nggunakake panemune North (Sajroning Ratna, 2012: 97), hermeneutik nggunakake pamawase Sumaryono (1999:23) lan fungsi nggunakake panemune Bascom (Sajroning Danandjaja, 1984:19)

Metode sing digunakake sajrone panliten yaiku metode dheskriptif kualitatif. Tata cara ngumpulake data ing panliten iku, yaiku observasi, wawanrembug, dhokumentasi lan angket. Dene tata cara ngolah data kanthi cara, yaiku (1) transkripsi data, (2) versifikasi data, (3) identifikasi lan kodifikasi data, (4) interpretasi.

Asile panliten iki, yaiku (1) Tradhis i sedhekah bumi ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan iki, yaiku salah sawijine tradhis i kang dipengeti saben setaun pisan dinane Sabtu Pon-Minggu Wage. Tradhis i kasebut isih ditindakake masarakat desa Songowareng minangka wujud syukur marang Gusti kang paring keslametan lan kanugrahan nalika panen asile bisa akeh lan turah-turah; (2) Tata rakit ing sajrone tradhis i sedhekah bumi nduweni makna filosofis kayata ing nalika sadurunge nganti tumindake sedhekah bumi. Tahap persiapan sadurunge nganakake tradhis i sedhekah bumi, luwih dhisik masarakat nyepakake apa sing diperlokake, kaya dene nemtokake sasi nuwuhake nilai kekulawargaan, kerja bakti utawa reresik nuwuhake nilai gotong royong, dene nalika nguras sendhang nemu iwak lan diuculake maneh nuwuhake nilai katentreman. Banjur tata rakit nalika tumindake tradhis i sedhekah bumi kayata nyekar ing pundhen Lingga lan Yoni nuwuhake nilai dhidhik marang anak putu supaya tumindak becik kaya arume ganda, slametan nalika kenduri yaiku ngelingake kita supaya ora srakah marang panganan, nyebar beras kuning nilai katentreman, tayuban nuwuhake nilai pakurmatan, wisudha sinoman nuwuhake nilai karukunan, maca babad desa nuwuhakae nilai kekulawargaan, ngiring gendhing pusaka nuwuhake nilai pakurmatan marang leluhur, lan kaulan nuwuhake nilai tatanan, tontonan lan tuntunan; (3) Ubarampe kang digunakake sajrone tradhis i sedhekah buni uga nduweni makna filosofis kang wigati kanggo masarakat desa Songowareng. Ubarampe kang ana, kaya dene: ambeng bisa nuwuhake nilai tulung tinulung, cok bakal nuwuhake nilai pendhidhikan marang anak putu, dhuwit nuwuhake nilai tulung tinulung, beras kuning nuwuhake nilai katentreman; (4) Fungsi tradhis i sedhekah bumi minangka alat pendhidhikan, minangka hiburan, ngleluri kabudayan Jawa lan minangka alat pengesahan pranata lan lembaga kabudayan.

## PURWAKA

Bangsa Indonesia kagolong bangsa kang nduweni kabudayaan, saben suku kang ana ing Indonesia nduweni kabudayan dhewe-dhewe. Kabudayan miturut Koentjaraningrat (1985: 180) yaiku sakabehe sistem gagasan, tumindak, lan asil karya manungsa sajrone uripe ing masarakat kang didadekake duweke pribadi. Mula saka iku, anane kabudayan diajab manungsa bisa nganakake sesambungan karo masarakate. Kabudayan ditindakake dening manungsa kanggo tujuwan nyukupi kabutuhan uripe. Salah sawijine budaya kang adi luhung ing Indonesia, yaiku budaya Jawa. Budaya Jawa mujudake asil saka pambudi dayane masarakat Jawa.

Masarakat Jawa mujudake masarakat kang urip ing tanah Jawa lan nengenake budaya Jawa. Budaya Jawa asil saka pamikire manungsa Jawa mau ngemot pamikiran kang asipat filsafat. Bab iku mau disebabake amarga wong Jawa kang kebak rasa pangrasa. Anggone medhar rasa pangrasane kadhangkala dilakoni kanthi cara kang ora blaka, sinawung ing tembung kang mengku rasa kang luwih jero. Mula saka kuwi, butuh pamikiran kang jero kanggo ngenceki bab kasebut. Jeruning filsafat kang kinandhut ing budaya Jawa iki kang bakal dionceki ing kene.

Miturut Kusbandrijo (2007: 11-12), merang filsafat dadi rong modhel pamikian yaiku pamikiran kang ngrembaka ing *Barat* lan *Timur*. Filsafat *Barat* yaiku Eropa, filsafat iki ngrembaka saka tradhisi filsafat Yunani kang isih dikuwasani dewa-dewa. Filsafat *Timur* yaiku filsafat Cina lan India. Filsafat Cina isine luwih nengenake piwulangan ngenani manungsa, yen tumindak kudu salaras karo donya lan suwarga. Dene, filsafat India luwih nengenake kapercayan kang *fundamental* antarane manungsa lan alam supaya urip bisa sampurna. Gegayutan karo bab kang bakal ditintingi ing kene, yaiku budaya Jawa, filsafat kang digunakake yaiku filsafat Jawa, kang ing kanyatane nduweni bab-bab kang saemper karo filsafat *Timur*.

Filsafat Jawa nengenake wigatine golek kasampurnane urip. Manungsa mikir lan mawas dhiri kanggo nemokake *integritas* dhirine kang ana gegayutane karo Gusti. Salah sawijine wujud saka asil kabudayane wong Jawa yaiku arupa tradhisi. Salah sawijine tradhisi kang isih diugemi dening masarakat yaiku tradhisi sedhekah bumi.

Tradhisi sedhekah bumi kang bakal dadi obyek panliten yaiku tradhisi sedhekah bumi ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan. Tradhisi sedhekah bumi mujudake gegambaraning rasa syukure masarakat tumrap sakabehing kanikmatan lan kanugrahan kang wis diparingake Gusti. Tradhisi sedhekah bumi kasebut dianakake masarakat Songowareng saben setaun pisan sawuse panen.

Tradhisi sedhekah bumi isih tansah dianakake dening masarakat desa Songowareng jalanan masarakate isih percaya yen kabeh kanikmatan, kanugrahan, panen kang kaluwih-luwih asale saka Gusti. Mula saka iku, panliten iki diajab bisa menehi nilai filosofis tumrap masarakat panyengkuyunge.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten sing bakal dijilentrehake, yaiku (1) Kepriye mula bukane (sejaraha) Tradhisi Sedhekah Bumi; (2) Kepriye tata rakit lan makna filosofis Tradhisi Sedhekah Bumi; (3) Kepriye ubarampe kang digunakake lan makna filosofis sajrone Tradhisi Sedhekah Bumi; (4) Kepriye fungsi Tradhisi Sedhekah Bumi.

Lelandhesan saka katrangan kasebut, bisa kadudut perkara kang arep dionceki ing panliten iki, yaiku: (1) Ngandharake kepriye mula bukane Tradhisi Sedhekah Bumi (2) Njlentrehake kepriye tata rakit lan makna filosofis Tradhisi Sedhekah Bumi, (3) Ngandharake kepriye ubarampe kang digunakake lan makna filosofis sajrone Tradhisi Sedhekah Bumi (4) Njlentrehake kepriye fungsi Tradhisi Sedhekah Bumi.

Panliten ngenani tradhisi sedhekah bumi iki nduweni paedah kaya mengkene: (1) Panliten iki dikarepake kanggo ngleluri budaya Jawa kang diwarisake saka sesepuh, (2) Panliten iki dikarepake kanggo ngangkat lan medhar nilai-nilai tradhisi ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan, (3) Panliten iki dikarepake minangka media kaderasi pelaku budaya secara regenerasi lan sarana inventarisasi lan dhokumentasi tradhisi sedhekah bumi, (4) bisa nggugah panlti liyane, supaya nindakake panliten kang luwih jero ngenani tradhisi sedhekah bumi.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Konsep Kabudayan

Kabudayan miturut Koentjaraningrat (1985: 180) yaiku sakabehe sistem gagasan, tumindak, lan asil karya manungsa sajrone rangkaian urip ing masarakat kang didadekake duweke dhewe. Koentjaraningrat (2005:72) uga ngandharake tembung kabudayan asale saka tembung budhayah (*Sansekerta*) kang nduweni teges budi, akal, babagan kang gegayutan karo akal.

Kabudayan ing masarakat Indonesia miturut Sudikan (2001:4) diperang dadi telung golongan ing antarane, yaiku (1) Kabudayan Suku bangsa (kang luwih dikenal karo sebutan kabudayan dhaerah), (2) Kabudayan umum lokal lan, (3) Kabudayaan Nasional. Kabudayan uga minangka fenomena kang universal. Saben masarakat-bangsa ing donya nduweni kabudayan, senadyan wujud lan corake beda-beda saka masarakat-bangsa siji marang masarakat-bangsa liya. Kabudayan nggambareke kanthi cetha pepadhane kodrat manungsa ing suku, bangsa lan ras, iku sing ndadekake anane interaktif manungsa lan kabudayan.

### Konsep Masarakat lan Budaya Jawa

Koentjaraningrat (1980: 16) ngandharake yen masarakat yaiku kasatuan urip manungsa kang ana gegayutane karo sistem adat istiadat tartamtu kang sipate terus-terusan lan kaiket ing rasa idhentitas bebarengan. Partokusuma (2007:72) uga ngandharake yen masarakat minangka panyengkuyung lan penghayat kabudayan, anane manungsa karana budaya. Ing masarakat, manungsa ngupaya kanggo bisa nyukupi kabutuhan-

kabutuhane, kanthi norma utawa aturan. Masarakat kang dimaksud yaiku masarakt Jawa. Soekanto (Sajroning Suwarni, 2011:3) ngandharake yen masarakat Jawa nduweni telung ciri klompok yaiku masarakat tradhisional, masarakat madya lan masarakat modern. Masarakat Jawa sing paling akeh yaiku masarakt madya.

Masarakat Jawa minangka masarakat kang nduweni budaya kang dhuwur. Budaya miturut Berdy (Sajroning Suwarni, 2011:50) yaiku cengkorongan kang ora katon kanthi terus-terusan lan menehi pangaribawa kang gedhe tumrap masarakat.

### Konsep Religi

Geertz (1989: 8) ngandharake yen religi kang diugemi dening wong Jawa iku ana telu yaiku abangan, santri lan priyayi. Saka werna-wernaning sistem kapercayan kasebut, bebrayan Jawa banjur nggabungake kabeh mau dadi siji kanthi istilah agami Jawi utawa kejawen. Kejawen bisa kalebu budaya kang nentang piwulangan agama Islam jalaran isih percaya marang kakuwatan saliyane kakuwatane gusti, nanging istilah kejawen isih dilakoni kanggo nyebut sistem kapercayan masarakat Jawa, mula saka iku ana upaya saka pengenut agama kang ngarahake kanggo pemurnian agama tumuju menyang arah sing luwih ortodoks.

### Tradhisi

Moeliono (1996:1069) ngandharake yen tradhisi yaiku adat pakulinan kang turun-tumurun saka leluhur kang isih ditindakake dening masarakat. Tradhisi mujudake samubarang kang wis nate ditindakake wis suwe lan uga dadi bageyan saka panguripan salah sawijine klompok, babagan kang ndhasari tradhisi karana anane informasi kang diterusake saka generasi siji marang generasi sak ngisore. Tradhisi utawa adat istiadat miturut Koentjaraningrat (1985: 11-13) diperang dadi patang tingkatan yaiku: (1) tingkatan nilai budaya, (2) tingkatan norma-norma, (3) tingkatan ukum, (4) tingkatan aturan kang mligi.

### Konsep Filsafat

Masarakat Jawa nduweni falsafah urip kang maneka warna lan nduweni titikan kang beda saengga nuwuhake pandangan uripe Jawa. Pandangan uripe wong Jawa salaras karo filsafat Jawa. Miturut Saryono (2011:72) filsafat Jawa minangka filsafat *Timur* kang nyuguhake dalan kanggo nggoleki tujuwan uripe manungsa, yaiku dalan keslametan lan kasampurnan manungsa, ora njawab perkara-perkara teknologis sajrone masarakat modern. Kanthi tembung liya, filsafat Jawa bisa menehi wangulan saka perkara-perkara ing masarakat.

Filsafat Jawa ora mung ngrembug perkara kang pener utawa bener kanthi subtansial nanging uga ngrembug perkara kang pener utawa bener ing praksis kontekstual rasional. Ing budaya Jawa, bener lan pener minangka *kesatuan* kang wutuh lan ora bisa dipisakake. Samubarang ora mung dideleng saka benere nanging kudu bener sing pener. Samubarang sing wis bener lan pener sinebut mathuk, cocog, trep utawa mathis kang nduweni kaedah filosofis.

### Konsep Semiotik

Miturut North (Sajroning Ratna, 2012: 97) ana patang tradhisi kang dadi lelandhesan laire semiotik, yaiku : semantik, logika, retorika, lan hermeneutika.

Miturut Peirce (1989:45), ana telung faktor sing nemtokake anane tandha yaiku piranti iku dhewe, babagan sing ditandhani lan tandha anyar sing kedadeyan ing batine wong sing nampa. Tandha minangka sabab kang bisa diserep utawa sabab sing ditafsirake. Dadi tandha bisa dimangerten ikanthi telung faktor iku mau kang bisa nuwuhake makna.

### Hermeneutika

Miturut Sumaryono(1999:23) tembung hermeneutik asale saka basa Yunani *hermeneuein* tegese nafsirake, yen tembung aran *hermeneia* sacara harfiah bisa ditegesi “*penafsiran*” utawa *interpretasi*. Hermeneutik miturut Richard (Sumaryono, 1999: 40) uga bisa ditegesi nelaah isi lan maksud kang ngejawantah saka sawijine teks marang makna kang njeru.

### Fungsi

Miturut Bascom (Sajroning Danandjaja, 1984:19) fungsi folklor ana papat, yaiku 1) minangka sistem proyeksi, yaiku sarana kaca benggalaning angan-angan sawjinjing klompok bebrayan, 2) minangka piranti kanggo ngesahake aturan lan lembaga kabudayan, 3) minangka sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi paugeraning bebrayan, supaya tansah diugemi lan ditindakake dening anggota klompok mau.

### Lelandhesane Teori

Lelandhesan teori kang digunakake ana ing panliten iki disalarasake karo bahan utawa babagan panliten supaya bisa lumaku adhedhasar konsep kang wis tumata.

Bab sing kapisan ngenani filsafat nggunakake teorine Saryono (2011:72) yaiku ngenani filsafat Jawa. Miturut Saryono yen filsafat Jawa minangka filsafat *Timur* kang nyuguhake dalan kanggo nggoleki tujuwan urip manungsa yaiku dalan keslametan lan kasampurnan manungsa, ora njawab perkara-perkara teknologis sajrone masarakat modern.

Sing keloro yaiku ngenani semiotik nggunakake panemune North (Sajroning Ratna, 2009: 97) ana patang tradhisi kang dadi lelandhesan laire semiotik, yaiku : semantik, logika, retorika, lan hermeneutika.

Sing katelu ngenani hermeneutik nggunakake teori Sumaryono. Miturut Sumaryono (1999: 23) tembung hermeneutik asale saka basa Yunani *hermeneuein* tegese nafsirake, yen tembung aran *hermeneia* sacara harfiah bisa ditegesi “*penafsiran*”utawa *interpretasi*. Hermeneutik bisa diterapake ana ing ilmu-ilmu kemanungan kayata sejarah, ukum, agama, filsafat, seni, kasusastran utawa ilmu linguistik.

### METODHE PANLITEN

#### Ancangan Panliten

Panliten ngenani tradhisi sedhekah bumi ing desa Songwareng nggunakake panliten kualitatif dheskriptif. Dene, metode kang digunakake yaiku metode dheskriptif.

Metode dheskriptif kanggo ngumpulake informasi ngenani kahanan-kahanan nyata. Metode dheskriptif anggone ngumpulake data saka gambar, tembung-tembung, ora awujud angka. Data panliten iki asale saka wawanrembug, cathetan, foto, video, dhokumen pribadi, dhokumen resmi lan liya-liyane (Moleong, 2011 :11).

### **Objek lan Papan Panliten**

#### Obyek

Obyek ing panliten iki yaiku tradhisi sedhekah bumi.

#### Papan Panliten

Papan panliten kang dipilih ing panliten iki yaiku ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan. Papan panliten iki dipilih jalaran papan iki salah sawijine desa ing Kecamatan Bluluk, Lamongan sing nganakakeadicara kaulan sajrone sedhekah bumi.

### **Sumber Data lan Data Panliten**

#### Sumber Data

Arikunto ( 2006: 129) ngandharake yen sumber data ing panliten yaiku subyek saka data kang dientuki. Sajrone panliten, sumber data mujudake asal, lokasi utawa papan panggonane data panliten dikumpulake. Sing dadi sumber dhata ing panliten iki yaiku para informan. Informan kang dikarepake ing kene yaiku kaperang dadi loro, yaiku informan pokok lan informan tambahan

#### Data Panliten

Data yaiku bahan kanggo ngandharake salah sawijine perkara. Data kang digunakake ana panliten iki awujud data lisan lan data kang arupa barang.

Data lisan yaiku asile saka panliten observasi lan wawanrembug, arupa ukara lan tetembungan saka tradhisi sedhekah bumi diasilake saka wawanrembug langsung karo informan. Dene data kang arupa barang diasilake saka ubarampe, piranti-piranti kang digunakake sajroning tradhisi sedhekah bumi arupa gambar foto lan rekaman nalika prosesi upacara ritual.

### **Instrumen Panliten**

Instrumen panliten miturut Arikunto (2006: 160) yaiku piranti utawa sarana kang digunakake dening panliti kanggo ngumpulake data supaya gampangake anggone nliti lan asile bisa luwih apik, sistematis, jangkep saengga gampang dianalisis. Instrumen kang apik yaiku kudu valid lan bisa dipercaya. Panliti minangka punjering instrumen panliten. Instrumen diperang dadi loro yaiku:

#### Instrumen Utama

Ing panliten iki kang dadi instrumen utama yaiku panliti, amarga panliti kang nindakake panliten. Mula saka iku, diwujudake arupa laporan kang disusun wiwit nol nganti pungkasan kayata lembar observasi, pathokan wawanrembug, kusioner lan angket.

Kuesioner yaiku jumlahé pitakonan wujude tulis, kang digunakake kanggo nggolek informasi saka responden ngenani laporan pribadhine (Arikunto, 2006:151).

#### Instrumen Panyengkuyung

Instrumen bantu minangka alat bantu kanggo nyengkuyung nalika nindakake panliten. Panliten bisa nggunakake piranti utawa alat bantu kanggo kabutuhan panliten kayata:

- 1) Kamera digital utawa handycam kanggo njupuk dhokumen gambar nalika prosisine.
- 2) Handphone kanggo ngrekam nalika wawanrembug karo narasumber supaya antuk data. Data kang diasilake saka ngrekam wujude lisan.
- 3) Buku tulis lan piranti tulis kanggo nyathet data.

### **Metode lan Teknik Ngumpulake Data**

Teknik pangumpulan data sing digunakake ing panliten iki, ing antarane nggunakake teknik observasi, teknik wawanrembug, lan teknik dhokumentasi.

#### Observasi

Arikunto (2006: 222) uga ngandharake yen metode observasi yaiku upaya kanggo ngumpulake data kang ditindakake sacara sistematis miturur prosedure. Sudikan (2001:86) merang teknik observasi (*pengamatan*) dadi loro yaiku: (1) ngamati kanthi langsung, yaiku panliti langsung ngamati obyek panliten lan ngamati sakabehing tata laku sajrone tradhisi sedhekah bumi, (2) ngamati kang biyasa yaiku teknik ngamati kanthi tumindak minangka wong liya. Ing panliten iki nggunakake pengamatan kanthi langsung yaiku terjun langsung menyang lapangan kanggo nggoleki sumber data.

Langkah-langkah kang ditindakake sajrone observasi iki, yaiku: (1) panliti ngamati kanthi langsung obyek kang didadekake panliten yaiku kanthi cara nekanipapan panggonan kanggo nindakake tradhisi sedhekah bumi ing desa Songowareng, (2) panliti ngamati tata laku sajrone tradhisi sedhekah bumi, (3) panliti njupuk dhokumentasi ngenani ubarampe kang digunakake sajrone tradhisi sedhekah bumi, lan (4) panliti nyathet bab-bab kang dirasa perlu.

#### Wawanrembug

Metode wawanrembug minangka cara kanggo ngumpulake katrangan utawa informasi ngenani uripe manungsa sajrone masarakat (Sudikan, 2001:90). Wawanrembug sajrone panliten iki tujuwane yaiku supaya oleh data langsung saka masarakat lan tokoh masarakat kang mangerteni tradhisi sedhekah bumi.

Miturut Arikunto (2006:227) pedoman wawanrembug diperang dadi loro, yaiku (1)Pedoman wawanrembug ora *berstruktur*, yaiku pedoman wawanrembug kang nengenake pitakonan kang sipate umum. (2) Pedoman wawanrembug *terstruktur*, yaiku pedoman wawanrembug kang disusun sacara cetha, meh padha *check-list*. Panliti amung menehi tandha centang ing nomer kang disiapake.

Tata cara wawanrembug panliti, yaiku (1) nyusun dhaptar pitakonan kang arep ditakonake marang informan, (2) panliti nekanipapan informan, (3) panliti nindakake wawanrembug kanthi menehi pitakonan marang informan, (4) ngrekam lan nyathet bab kang wigati saka jawaban kang diwenehake informan.

#### Dhokumentasi

Metode dhokumentasi yaiku nggolek data ngenani babagan utawa variabel kang arupa catetan, transkrip, buku, lsp. Metode dhokumentasi nyekel chek-list kanggo

nggoleki variabel kang wis ditentokake ( Arikunto, 2006:231). Teknik dhokumuntasi yaiku ngumpulake data kanthi visual sing ana gegayutan karo obyek. Anane dhokumentasi minangka bukti yen panlite panceun terjun langsung sajrone panliten yaiku kanggo njupuk gambaran umum ngenani lokasi, dokumen utawa data-data sajrone ritual tradhisni sedhekah bumi kang gegayutan karo ananeadicara Kaulan.

#### Angket

Angket yaiku piranti kanggo ngumpulake data kang arupa daptar pitakonan kanggo responden supaya dijawab kanthi tinulis (Riyanto,2007:75). Teknik angket ditindakake kanggo njupuk data kang dikarepake dening panliti. Angket diperang dadi loro, yaiku (1) Angket langsung lan ora langsung. Angket langsung yaiku angket sing dikirim langsung pawongan kang dijaluki panemune. Angket ora langsung yaiku angket kang dikirim marang pawongan kang dijaluki panemune ngenani kahanane wong liya, (2) Angket binuka lan tinutup. Angket binuka yaiku angket kang pitakonan-pitakonane mbuthuhake jawaban bebas saka responden. Angket tinutup yaiku angket kang pitakon-pitakonane armbuthuhake jawaban kang singkat lan wis disiyapake.

#### **Tata Cara Nganalisis Dhata**

Miturut Moleong (2011: 24) ngandharake y~~Pan~~ kagiyatan analisis data ditindakake kanthi ngumpulake data supaya gampang anggone nganalisis data yaiku kanthi cara luwih dhisik ngurutake data ing *pola*, *kategori* lan *uraian*. Saka iku mau bisa ditemtokake lan dirumusake hipotesis kerja.

Anggone ngolah data saka wiwitan nganti pungkasan, dilakoni kanthi cara yaiku: (1) Transkripsi data, ngolah data lisan menyang data tulis saka asile wawanrembug (2) Verifikasi data, yaiku data kang ana ing sajrone panliten ditanskrip banjur dipilih kang slaras lan cocog karo apa kango dadi sasaran panliten, (3) Identifikasi lan Kodifikasi data, yaiku perangan data kang wis dikumpulake, banjur digolongake adhedhasar kategori masalah kang arep digawe nganalisis.

#### **ANDHARAN ASILING PANLITEN**

#### **Kahanan Alam Desa Songowareng, Bluluk, Lamongan**

Kabupaten Lamongan dumadi saka 27 kecamatan, salah sijine yaiku kecamatan Bluluk. Kecamatan Bluluk dumadi saka 9 desa yaiku desa Bluluk, Brojong, Talungrejo, Songowareng, Cangkring, Banjargondang, Kuworejo, Sumber banjar, Primpren. Saka 9 desa mau dimlikake ing desa Songowareng kango dadi papan panliten.

Desa Songowareng minangka bageyan saka wilayah Lamongan sing sisih kidul kulon, kanthi jembar wilayane 582,090 Ha, jembar sawah 317,830 Ha, jembar tegalan 185,500 Ha, jembar rekreasi lan olahraga 0,800 Ha, lan kolam 0,300 Ha. Wates wilayah desa Songowareng yaiku ing sisih lor desa Bronjong, sisih kidul desa Kuwurejo, sisih kulon desa Cangkring lan sisih wetan yaiku desa Sumber banjar. Jarak desa Songowareng karo pusat

pemerintahan kecamatan 4 Km lan saka ibu kota kabupaten 54 Km. Desa Songowareng kaperang dadi patang dhusun yaiku: 1) dhusun Wareng, 2) dhusun Songo, 3) dhusun Balongrejo, 4) dhusun Putuk lan dumadi saka 8 RW, 16 RT.

#### **Kahanan Bebrayan Desa Songowareng, Bluluk, Lamongan**

Kahanan masarakat desa Songowareng, Bluluk, Lamongan kang bakal diandharake adhedhasar sumber taun 2012 lan asil wawanrembug karo Bapak Slamet Riadi minangka Kepala Desa. Panliti ing kene ngandharake asiling panliten adhedhasar underaning panliti kango wis karonce, kaya kango diandharake iki.

#### Pendhudhuk

Cacah pendhudhuk ing desa Songowareng ana 2374 jiwa yaiku wadon 1233 jiwa lan priya 1141 jiwa dumadi saka 576 KK (Kepala Kulawarga).

#### Pendhidhikan

Tingkat pendhidhikan masarakat desa Songowareng kalebu endhek, amarga pendhudhuk akehe mung tamatan SD/MI. Pendhidhikan kang ana ing desa Songowareng yaiku TK, SD/MI lan yayasan-yayasan, SMP lan SMA ana uga kejar paket C.

#### Pangupajiwan

Pendhudhuk desa Songowareng sing paling akeh yaiku pangupajiwan tani utawa buruh tani. Kahanan geografis ing suhu kira-kira 32° C nyengkuyung digunakake papan tetanen jalaran ing suhu kaya mengkono kalebu lahan kang subur utawa lahan produktif. Tetanduran kang dibudidayakake masarakat desa Songowareng kayata pari, kacang ijo, jagung, dele, mbako, brambang lan sapanunggalane. Saliyane sistem pangupajiwan tani lan buruh tani warga desa Songowareng sing nyambut gawe dadi pegawai, dagang lan uga ana sing dadi bidan.

#### Agama lan Sistem Religi

Agama Islma kang dominasi ing desa Songowareng. Senadyan Senadyan akeh sing ngenut Islam, nanging islam kang dienut isih asipat *sinkretis* uga sinebut islam abangan. Abangan kang dimaksud yaiku anggone urip saben dina pendhudhuk Songowareng isih kena pangaribawa saka agama sadurunge yaiku Hindu-Budha, kaya dene nindakake nyekar ndongakake para sesepuh. Masarakat nganakake adicara kaya mengkono jalaran isih ngumemi adat istiadat kango diwarisake dening para sesepuh jaman byien.

#### Kahanan Ekonomi lan Sarana Masarakat Desa Songowareng

Kahanan ekonomi masarakat desa Songowareng bisa kalebu lumayan, jalaran masarakat ora ana sing nganggur, sebageyan masarakat bisa ngembangake pupuk organik kang asale saka regedane kewan. Saka ketampilan ngembangake pupuk organik bisa ngasilake dhuwit kanggo uripe. Saliyane iku bisa dideleng akeh omah kango wis tembokan.

Yen dideleng saka saranane pendhudhuk desa Songowareng akeh sing nduweni piranti-piranti elektronik kang arupa TV, Laptop, radio lan VCD. Teknologi kang maju bisa ngupayake masarakat bisa maju, senadyan papan panggonane adoh saka kabupaten.

Saliyane iku anane sarana puskesmas, kantor bale desa lan kantor kecamatan kang nyengkuyung banget. Anane puskesmas mbiyantu masarakat kang lara dene kantor kecamatan biyantu masarakat dene kantor bale desa kanggo ngurusi KTP lan liya-liyane.

### Gegayutan Alam Bebrayan Karo Tradhisi Sedhelkah Bumi

Tradhisi sedhekah bumi isih ditindakake amarga wujud pangucup rasa syukur marang Gusti kang wis paring kanugrahan lan keslametan. Tradhisi iki isih dilestarekake lan dianakake, jalaran tradhisi iki minangka adat istiadat sing kudu ditindakake dene yen ora dianakake desa iki ana wae musibahe kayata bisa mati lan padudon antarane warga dhusun siji lan liyane. Babagan ing dhuwur iku bisa dideleng saka cacahe pendhudruk, tingkat pendhidikane, tingkat pangupajiwane, lan agama pendhudruk desa Songowareng.

### Mula Bukane Tradhisi Sedhekah Bumi

Mula bukane utawa sejarahe tradhisi sedhekah bumi ana rong versi yen manut narasumber sing kapisan yaiku diandharake Bapak Solikin. Bapak Solikin ngandharakae yen sedhekah bumi kawiwitana saka anane wangsit para sesepuh ing jaman biyen. Andharan sing kapung loro diandharake dening bapak Slamet Riadi. Pak Slamet Riadi ngandharake yen sedhekah bumi mujudake asil saka pirembungan para warga ing desa Songowareng.

### Tata Rakit lan Makna Filosofis Tradhisi Sedhekah Bumi

Sajroning tradhisi sedhekah bumi ing desa Songowareng ana tata rakit kang beda karo dhaerah liyane yaiku ananeadicara kaulan. Tata rakit kang ana ing sajrone tradhisi sedhekah bumi kudu ditindakake kanthi cara runtut jalaran minangka paugeran kang wis dipercaya dening masarakat lan ora oleh ditinggalake senadyan owah-owahane jaman kaya saiki.

Sadurunge nindakake tradhisi sedhekah bumi ana rong tahap yaiku tahap persiapan lan tumindake tradhisi sedhekah bumi.

### Persiapan Tradhisi Sedhekah Bumi

Masarakat nindakake pirang-pirang kagiyatan kaya: nemtokake dina, kerja bakti/ nguras sendhang, nemu iwak lan diuculake maneh.

#### Nemtokake Sasi

Tradhisi sedhekah bumi ing desa Songowareng iki wis pasti ditindakake dina Sabtu Pon-Minggu Wage jalaran dina iki wis dadi kesepakaten bareng lan dipercaya dening masarakat minangka dina kang pas lan ora oleh diowahi. Anggone nemtokake sasi masarakat desa lan perangkat desa nganakakae rembugan utawa musyawarah kanggo nemtokake sasi kang pas amarga sasine durung tamtu ngentenei sawise panen.

Makna filosofis nemtokake sasi nuwuhake nilai kekulawargaan antarane perangkat desa lan masarakate jalaran dianakake kanthi cara musyawarah utawa rembugan. Dianakake kanthi cara musyawarah tujuwane supaya antuk tembung sarujuk. Saliyane iku, nuduhake yen masarakat lan perangkat desa Songowareng wis ngamalake pancasila yaiku cethane ing sila ke-4 kang

unine “kerakyatan dipimpin oleh hikmat kebijaksanaan dalam permusyaratuan perwakilan”.

### Kerja Bakti utawa Reresik

Sawuse rembugan lan musyawarah kanggo nemtokake sasine, ragad lan nanggap apa nalika tradhisi, tata laku kang ditindakake seminggu sadurunge anane tradhisi sedhekah bumi, yaiku kerja bakti ngresiki sendhang lan nguras sendhang. Sendhang kang digunakake ana loro yaiku Sendhang Nganten lan Sendhang Lanang. Wujud Sendhang Nganten lan Sendhang Lanang beda. Diarani Sendhang Nganten/ Wadon jalaran nganten ora oleh liwat dalan kang tumujuing sendhang kesebut, mengko bisa ndadekake pisah utawa pegat kaya dene gunung pegat.

Makna filosofis sajroneadicara kerja bakti lan reresik yaiku nuwuhake nilai gotong royong antarane warga siji lan sijine, yaiku antarane warga dhusun Putuk, Songo, Balongrejo. Konsep nilai gotong royong yaiku keklompokan, saling mbutuhake, kekancan lan saling tanggung jawab manungsa Jawa kanggo njaga alam semesta lan manungsa Jawa. Nilai gotong royong kasebut bisa dideleng nalika warga desa Songowareng padha gugur gunung ngresiki lan nguras sendhang senadyan ora oleh opah. Saliyane iku, makna kang kinandhut sajroneadicara kerja bakti lan reresik sendhang yaiku ngresiki rereged saka gangguan makhluk alus. Babagan ing dhuwur kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Makna filosofis sakaadicara resik-resik lan kuras sendhang iku anane nilai gotong royong mbak, yaiku gotong royong antarane warga dhusun Putuk, Songo lan Balongrejo. Kabeh dhusun ing desa Songowareng iki gugur gunung tanpa njaluk imbalan babar pisan. Nanging ana uga makna filosofis saka ngresiki sendhang yaiku ngresiki rereged.” (Siswo Winarto, 03-04-2013)

Cuplikan ing dhuwur wis cetha yen resik-resik lan nguras sendhang nduweni rong makna filosofis yaiku nuwuhake nilai gotong royong anthal dhusun. Ngersiki sendhang iku nggambarake tumindak kag ngersiki saka rereged.

### Tumindak Adicara Tradhisi Sedhekah Bumi

Nalika dhenge tradhisi sedhekah bumi ditindakake kanthi pirang-pirangadicara yaiku, nyekar, slametan , nyebar beras kuning, tayuban, wisudha sinoman, macababat desa, lan kaulan.

#### Nyekar ing Pundhen Lingga lan Yoni

Adicara kang kapisan ditindakake nalika tradhisi sedhekah bumi yaiku nyekar ing pundhen Lingga lan Yoni. Lingga lan Yoni asale saka watu alam banjur ana manungsa kang kreatif ndadekake kaya wujud Lingga lan Yoni. Lingga diumpamakake kaya alune dene Yoni kaya lumpang kentheng. Tujuwan nyekar ing pundhen Lingga lan Yoni kanggo ngurmati para sesepuh lan ndongakake roh-roh leluhure.

Nalika nyekar mbutuhake ngobong kemenyan lan dupa pepundhen. Makna filosofis nindakake ngobong kemenyan lan dupa pepundhen nalika nyekar yaiku

nuwuhake nilai pendhidhikan kang becik marang anak putu nindakake pakaryan kang becik kaya arume ganda. Dene, beluk saka asile obong kemenyan lan dupa pepundhen nduweni makna apa kang dadi kekarepane utawa panjaluke bisa tumuju marang Gusti. Masarakat percaya yen beluk kasebut ndadekake panen parine bisa turah-turah lan keslametan kang asale saka Gusti.

#### Slameten

Slameten mujudake sawijine pepenginane manungsa kanggo nggayuh keslametan, katentreman, lan njaga kalestaren. Slameten nalika tradhisi sedhekah bumi iki ditindakake rong dina, yaiku dina Sabtu lan Minggu.ubarampe kang digunakake slameten yaiku ambeng. Ambeng kang digawa dina Sabtu minangka hajate masarakat Songo. Dene, ambeng kang digawa nalaika dina Minggu hajate warga dhusun Putuk lan Balongrejo. Ambeng iku diwadhahi bayang. *Bayang* kapatah saka rong tembung yaiku *bah lan yang*. *Bah* nduweni teges nyembah *yang* nduweni teges Maha Agung. Dadi kang diarani *bayang* minangka simbol rasa syukur marang Gusti kang paring sakabehe.

Sawuse tekan sendhang ambeng langsung digawe royokan senadyan durung diujubake. Royokan nalika kenduri wis dadi kebiasaan warga yen ora ana royokan bakal ora rame. Royokan minangka tumindak kurang becik jalaran bisa nuwuhake sipat srakah marang panganan. Mula ingadicara kasebut ngelingake supaya ora nduweni sipat srakah marang panganan.sipat ngroyok meh padha kro ngrampas barang kang dadi duweke wong liya.

“Ambeng kang digawa ing sendhang kanggo slameten lan diujubakna durung teka sendhang wis digawe royokan. Royokan kurang apik sakjane amarga nyimbolake yen wong iku srakah marang panganan, nanging dening masarakat Songowareng yen adipara royokan ora ana mbarai ora rame. Adipara royokan nalika kenduri iki sing mbedakake tradhisi sedhekah ing Songowareng karo dhaerah liya.”(Kastari, 05-05-2013)

Cuplikan ing dhuwur bisa dimangertenin yen royokan nalika adipara kenduri ing desa Songowareng iki beda karo kenduri-kenduri kaya lumrahe. Ing dhaerah liya jajan dikumpulake banjur digawe royokan. Ing tradhisi iki jajan durung diujubake kanggo slameten durung nganti tumeka panggonan wis digawe royokan.

Sawuse adipara royokan banjur ana adipara wajiban yaiku ngumpulake dhuwit. Dhuwit asale saka sumbangan wrga lan pawongan kang melu kaulan lan asil saka saweran nalika tauban. Dhuwit kasebut kanggo kepreluwan masarakat ana uga sing didumke langsung nalika kaulan. Makna filosofis adipara wajiban yaiku ndhidhik anak putu supaya ikhlas nulung wong lan ora mbeda-mbedake wong kasebut.

#### Nyebar Beras Kuning

Adipara nyebab beras kuning ditindakake rong dina yaiku dina Sabtu Pon lan Minggu Wage. Tujuwane yaiku mbagi asil panen kang turah-turah supaya Gusti bisa paring keslametan lan kanugrahan. Wujud beras kuning

beras biasa sing dikum banyu kunir. Wujud beras kuning iki uga bisa dideleng ing *Tantu Panggelaran*.

Makna filosofis saka adipara nyebab beras kuning ana telu, yaiku mbuwang sengkala utawa nyinkirake sengkala gawe tolak balak, gawe pager tegese kanggo keamanan supaya ora kena gangguan makhluk alus lan, nyebab benih. Nyebab benih kang dimaksudake yaiku nyebab benih kang becik nanem kebecikan. Saka ketelu makna kang kinandhut sajrone nyebab beras kuning kang luwih cocog yaiku kanggo nyebab benih kanthi cara ndhidhik anak putu supaya bisa tumindak becik kang salaras karo norma kang lumaku. Lan gawe pager yaiku bisa nuwuhake nilai katentreman. Babagan ing dhuwur kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Nilai kang ana sajrone nyebab bersa kuning ana telu yaiku buwang sengkala, gawe pager supaya nuwuhake katenterman didohake saka gangguan makhluk alus, lan nyebab benih kanthi cara ndhidhik anak putu supaya bisa tumindak becik.” (Solikin, 02-07-2013)

#### Tayuban

Sawuse nindakake adipara nyebab beras kuning, masarakat tumuju menyang panggung hiburan kanggo ndeleng tayuban. Tayub minangka seni pagelaran kang ngrembaka ing masarakat padesaan Jawa. Seni tayub idhentik karo ritus kesuburan, karana masarakat padesaan nalika iku sebageyan minangka masarakat agraris. Adipara tayuban iku wis ana jaman biyen jalanan adipara kang rame lan disenengi masarakat Songowareng, mligine perangkat desa lan tokoh masarakat. Tayuban dibarengake karo adipara wisudha sinom lan kaulan. pawongan kang melu tayuban msethi ditembangake gendhing Jawa jalanan minangka wijud pakurmatan.

Makna filosofis sajrone adipara tayuban yaiku nuwuhake nilai pakurmatan yaiku ngurmati wong pendhuwuran, kayata kepala desa lan prangkat desa. Nilai pakurmatan wong Jawa gegayutan karo *ketakziman, kehidmatan, keharkatan lan keberhargaan* unsur-unsur manungsa lan alam semesta sarta samubarang kang ana gegayutane. Nilai pakurmatan kudu diutamakake dening wong Jawa. Wong cilik ora oleh tumindak sakarepe dhewe marang pandhuwurane, kudu ngurmati pandhuwurane (Saryono, 2011 :88). Babagan kasebut kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Nilai kang ana ing sajrone tayuban yaiku nuwuhake nilai pakurmatan marang wong kang sing kudu diajeni utawa dihurmati.”  
(Siswo Winarto, 03-04-2013)

#### Wisudha Sinoman

Masarakat Songowareng jaman biyen beda karo jaman saiki.Nalika jaman biyen, bocah cilik padha angon kanggo nyukupi kabutuhane saengga arang sing sekolah lan ora ngerti apa-apa mulane durung disunat. Nalika wis ngancik nom banjur diwisudha. Tugas sinoman sawuse diwisudha yiku bisa mbiyantu desa.

Nalika adipara wisudha sinoman, para sinoman kang diwisudha munggah panggung banjur ditembangake gendhing Jawa. Gendhing Jawane yaiku Mbangun Desa utawa Uler Kambang. Ditembangake gendhing Uler Kambang supara para sinoman bisa nyiptakake

karukunan, gotong royong supaya kacipta desa kang ayem, tentrem lan aman saka bebaya.

Nilai filosofis sajrone adipara wisudha sinoman yaiku nuwuhake nilai karukunan. Karukunan bisa dicipta yen masarakat lan perangkat desa preduli marang desane. Diarani sinoman utawa nom-noman karang taruna yaiku bocah kang bisa dadi tuladha sing becik tumrap generasi sangisore. Yen remaja karang taruna nduweni sipat becik, mula generasi sateruse uga melu becik, uga semono.

Nilai kerukunan wong Jawa gegayutan karo kekompakan, katentreman, lan ayem, ora padudon. Karukunan ing budaya Jawa kaya dene: rukun, urip sing padha rukun, rukun agawe santosa, crah agawe bubrah lan adem ayem tentrem kadya siniram banyu ayu sewindu lawase. Mula anane sinoman bisa dikarepake mbiyantu kaciptane karukunan ing desa Songowareng (Saryono, 2011: 87).

#### Maca Babad Desa

Adicara maca babad desa ditindakake sawuse adipara wisudha sinoman. Tujuwan maca babad desa amung ngelingake masarakat supaya eling marang crita desane.

Babad desa Songowareng iki akeh makna-makna kang kinadhut sajrone urip ing masarakat. Ing crita desa Songowareng ndhidhik anak putu supaya ora gampang ngenyek wong kang lagi nandhang cathu (cacat fisik). Kanthi kaya mengkono bisa nuwuhake nilai kekulawargaan marang sapadha-padha karana ora drengki lan srei marang wong liya. Ing urip bebarengan sejatiné yen ana sanak dulure lara diwenehi pitulungan supaya larane bisa mari. Babagan kasebut kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Akeh makna filosofis sajrone crita babad desa. Salah sawijine yaiku aja gampang ngenyek wong kang cathu (cacat fisik). Kanthi mengkono pawongan kasebut wis nanemake nilai kekulawargaan mārang sapadha-padha yaiku ora drengki lan srei, jalaran lara utawa cathu iku paringane Gusti, apa maneh nailika urip bebarengan ing masarakat.” (Solikin, 02-07-2013)

#### Ngiring Gendhing Pusaka

Gamelan kang digunakake kango ngiring gendhing pusaka yaiku seni karawitan langen tayub” Margo Laras” Lamongan pimpinan bapak Kasidi. Nembangake gendhing nalika tradhisi sedhekah bumi jalanan jaman biyen para sesepuh seneng gendhing. Ana telung gendhing kang mesthi ditembangake nalika tayuban yaiku antara liya gendhing eling-eling, gendruwo momong lan tamba ati.

Makna filosofis saka adipara ngiring gendhing pusaka yaiku mujudake nilai pakurmatan marang sesepuh jaman biyen kang seneng marang gendhing. Wujud pakurmatane mula nalika jejogedan utawa tayuban, gendhing pusaka mesthi ditembangake. Babagan kasebut kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Makna kang ana ing ngiring gendhing pusaka yaiku wujud pakurmatan marang sesepuh jaman biyen kang seneng marang gendhing.” Ma (Solikin, 29-03-2013)

#### Kaulan

Adicara kang narik kawigatene masarakat sajrone tradhisi sedhekah bumi yaiku anane adipara kaulan. Kaulan iki kang paling dienteni dening masarakat Songowareng lan sakupenge. Adicara iki paling digandrungi dening masarakat amarga salah sawijine adipara kang mbedakake karo dhaerah liya nalika nindakake tradhisi sedhekah bumi. Tembug kaulan sak tembung kaul+ an kang nduweni teges nadzar. Pawongan kang nandhang janji dibeksakake ana ing sendhang kanthi iringen gendhing. Sadurunge dibeksakake pawongan nombok dhuwit lan njaluk gendhing apa. Nombok ora ateges kaya wong main, nanging nombok ing kene kaya nyumbang saikhlase.

Pawongan kang melu dibeksakake ing sendhnag ora mung masarakat desa Songowareng wae ananging masarakat sanjabane uga bisa melu yen dhewe nadzar. Nadzar ing kene akeh macame kaya nadzar yen mari saka lara, yen wis klakon dadi pegawai banjur dibeksakake ing sendhang. Nanging ing taun 2013 pawongan kang nadzar yaiku nadzar yen mari saka lara dibeksakake ing sendhang.

Makna fiosofis sajrone adipara kaulan yaiku nuwuhake nilai tuntunan yaiku ndhidhik anak putu supaya seneng gotong royong kayata ing slametan gawa ambeng kang diseleh bayang banjur dipikul wong papat. Saliyane iku, yaiku rasa hormat marang sesepuh minangka unggah-ungguh kayata ing adipara nyekar ing pundhen Lingga lan Yoni lan ngobong dupa pepundhen utawa dupa kemenyan. Tradhisi sedhekah bumi kang ana gayutane karo kaulan iki nduweni nilai tatanan. Nilai tatanan kang dimaksud yaiku anggone nglaksanakake upacara adat iki sadurunge wis ditata luwihi dhisik, kudu ana penyiapan sing mateng. Dene, nilai tontonan yaiku pagelaran kaulan iki minangka pagelaran kang nglipur warga Songowareng. Babagan kasebut kaya kang diandharake ing ngisor iki.

“Makna filosofis sajrone adipara kaulan iki akeh banget mbak yaiku nuwuhake nilai tuntunan, tatanan lan tontonan.” (Siswo Winarto, 03-04-2013).

#### Ubarampe lan Makna Filosofis ing Tradhisi Sedhekah Bumi Ambeng

Ambeng yaiku ubarampe kang wigati sajrone tradhisi sedhekah bumi. Ambeng diwadhahi bayang lan dilambari godhong gedhang. Isine ambeng ana maneka jinis jajan pasar lan jajan pawon. Isine ambeng kang maneka werna nuduhake yen bumi Indonesia ngasilake maneka warna mula diarani gemah ripa loh jinawi.

Isine ambeng kang kapisan yaiku jajan pawon. Jajan pawon minangka jajan kang digawe saka pawon. Jajan pawon kudu ana kayata tape, regginang, krupuk, tetel, kucur. Jajan pawon kang digunakake ing tradhisi sedhekah bumi iki biasane digawe ibu rumah tangga lan anak wodon.

Makna filosofis sajrone yaiku nuwuhake nilai tulung-tinulung nalika gawe jajan pawon antarane ibu rumah tangga karo anake wadon. Saliyane iku, ndhidhik

anak putu mligine bocah wadon supaya bisa masak kanggo urip ing tembe nalika wis sesomahan. Mula wong tuwa nduweni kuwajiban kanggo ndhidhik anak wadon wiwit cilik supaya bisa masak. Nilai tulung tinulung manungsa Jawa gegayutan karo kerja sama, padha butuh, padha gumantungan lan padha nulung kanggo kabeh unsur alam semesta lan manungsa kanggo mantepe dhewe-dhewe (Saryono. 2011, 94).

Isine ambeng sing kapindho yaiku jajan pasar. Jajan pasar kangg jangkepi isine ambeng kang diwadhahi bayang. Jajan pasar kayata lopis, onde-onde, gethuk, kacang asin, wingko, serabi lan roti lily. Jajan pasar kasebut digawe ningkatake perekonomian masarakat desa Songowareng.

#### Cok Bakal

Cok bakal minangka media lantaran kanggo komunikasi karo makhluk ghaib. Cok bakal digunakake nalika nyeker ing pundhen Lingga lan Yoni. Isine cok bakal ana upet, suruh, endhog, dene wadhahi diarani takir. Takir yaiku godhong gedhang kang diconthong. Babagan iku mau bisa dideleng kaya ing ngisor iki.

“Cok bakal iki ubarampe kang digunakake nalika nyekar ing pundhen. Isine cok bakal ana upet, suruh lan endhong ngandhut makna filosofis. Dene wadhah kang digunakake madhahis isine ambeng kang aran takir uga nduweni makna filosofis.”(Solikin, 29-03-2013)

Takir nduweni makna filosofis yen miturut pamawas para leluhur utawa sesepuh jaman biyen marang anak putu supaya “tatag ing pilir”. Ing njero takir iku mau ana suruh kang nduweni teges “ngangsu kawruh” ndhidhik anak putu supaya pinter golek kawruh kanthi dhuwur. Ana maneh yaiku upet saka merang (tangkai gulur pari sing wis diresiki, ditali banjur diobong). Upet saka tembung “empet” kang nduweni teges dikon ngempet, yaiku ngempet hawa nafsu sing kurang becik. Makna filosofis iku mau nuwuake nilai ndhidhik kanggo anak putu. Endhog nduweni makna kanggo ngedohake samubarang kang ganggu warga desa Songowareng kayata gangguan makhlus alus.

#### Dhuwit

Dhuwit yaiku sarananing urup-urupan kang wujude cethakan, lembaga, slaka lan sapanunggalane. dhuwit uga ana ing sajrone adipara kaulan, pawongan kang nadzar banjur menehi sumbangsan. Dhuwit sing arupa receh didumke nalika sela-selane adipara kaulan.

Makna filosofis saka dhuwit yaiku bisa ngraketake paseduluran antarane wong tuwa lan bocah cilik nalika dum-duman dhuwit.

#### Beras Kuning

Beras kuning minangka ubarampe sajrone tradhisi sedhekah bumi. beras kuning yaiku beras sing diwenehi kunir. Asal usul anane beras kuning wis dicritakake ana ing *Tantu Panggelaran*. Nggunakake beras kuning nalika nyebab beras kung ing Sendhang Wadon lan Sendhang Lanang nduweni makna yen wong kang seneng nindakake tumindak becik mesthi antuk imbalan. Babagan kasebut kaya diandharake ing ngisor iki.

“Beras kuning minangka ubarampe kang digunakake nalika nyebab ing Sendhang Lanang lan Sendhang Wadon. Beras kuning nyimbolake yen wong kang seneng tumindak becik mesthi antuk ganjaran yaiku suwarga”.  
(Solikin, 29-03-2013)

Andharan kasebut dimagertenya yen beras kuning digunakake nalika adipara nyebab beras kuning sajrone tradhisi sedhekah bumi kasebut nduweni makna yen wong kang seneng nindakake tumindak becik mesthi antuk imbalan yaiku arupa suwarga.

### **Fungsi Tradhisi Sedhekah Bumi Kanggo masarakat Panyengkuyunge**

#### Minangka alat pendhidikan

Tradhisi sedhekah bumi menehi pirang-pirang nilai kang migunani kanggo panguripan utamane yaiku nilai dhidhik. Nilai dhidhik kayata gotong-royong, nglestarkake lingkungan, rasa kekulawargaan, karukunan, nilai sosial, nilai etika, nglatin kesabaran, tanggung jawab lan rasa syukur

#### Nuwuhake Sikap Gotong

Anane sikap gotong royong antarane masarakat siji lan liyane ndadekakake tradhisi sedhekah bumi bisa lancar. Nilai gotong-royong ing tradhisi sedhekah bumi yaiku nalika kerja bakti lan kuras sendahng

#### Nglestarekake lingkungan

Nglestarekake lingkungan bisa dideleng anane lambaran kang digunakake kanggo ambeng yaiku godhong gedhang lan godhong jati. Nggunakake keloro godhong kasebut yen dibuwak lemahe bisa subur.

#### Kakulawargaan

Kakulawargaan bisa dideleng nalika nemtokake sasi kang pas masarakat lan perangkat desa nganakake pirembugan lan musyawarah.

#### Karukunan

Karukunan bisa dideleng nalika para sinoman guyup rukun nyiapake piranti-piranti kang digunakake nalika tradhisi sedhekah bumi

#### Nilai Sosial

Nilai sosial bisa dideleng nalika ibu-ibu paring pambiyantu marang ibu kepala desa kanggo masak ubarampe.

#### Nilai Etika

Nilai etika bisa dideleng nalika wong tuw nuturi sing enom yen ora becik tumindake.

#### Nglatin Kesabaran

Nglatin kesabaran. Senadyan tumindak tradhisi sedhekah bumi abot dilakoni nanging masarakat Songowareng sabar.

#### Tanggung Jawab

Tanggung jawab, bisa dideleng yen masarakat panitia lan penontong nduweni tanggung jawab dhewe-dhewe.

#### Rasa Syukur

Rasa syukur. Rasa syukur iki ditindakake masarakat desa Songowareng kanthi cara nganakake tradhisi sedhekah bumi.

## **Minangka Hiburan**

Tradhisih sedhekah bumi minangka hiburan kang masarakat Songowareng uga masarakat sanjabane.

## **Ngleluri kabudayan Jawa**

Masarakat desa Songowareng kabukti isih ngeluri kabudayan kang diwarisake saka sesepuh. Mula tradhisih sedhekah bumi ditindakake saben setaun pisan.

## **Fungsi Ekonomi**

Fungsi ekonomi ikng kene bisa dideleng yaiku saka asil panen kang turah-turah banjur didol menyang pasar kanggo ningkatake perekomian warga.

## **Minangka Alat Pengesahan Pranata lan Lembaga Kabudayan**

Pranatan kang minangka sistem norma utawa aturan ngenani kativitas masarakat kayata pranata kang nduweni tujuwan kanggo nyukupi kapreluwuan kekerabatan, pranata-pranata kang nduweni tujuwan nyukupi kebutuhan manungsa kanggo nggoleki sejatine urip, pranata-pranata kang nduweni tujuwan nyukupi pepadhang lan pendhidhikan manungsa, pranata-pranta kang nduweni tujuwan kanggo nyukupi kebutuhan ilmiah manungsa, pranta-pranta kang nduweni tujuwan kanggo nyukupi kebutuhan-kebutuhan manungsa kanggo ngayati rasa kaendahan lan kanggo rekreasi, pranata-pranata kang nduweni tujuwan kanggo nyukupi kebutuhan manungsa kang ana gegayutane karo Gusti lan alam Ghaib, pranata-pranata kang nduweni tujuwan nyukupi kebutuhan kanggo nagtut panguripan sacara klompok, lan pranata-pranata kang ngurus kebutuhan jasmaniah saka manungsa.

## **PANUTUP**

### **Dudutan**

Tradhisih sedhekah bumi yaiku salah sawijine wujud kabudayan Jawa kang isih diugemi tumrap bebrayan. Tradhisih sedhekah bumi kang ana ing desa Songowareng, Bluluk, Lamongan minangka wujud syukur masarakat marang Gusti kang wis diparingi keslametan lan kanugrahan kang turah-turah nalika panen. Tradhisih kasebut dipangeti saben taun dinane Sabtu Pon-Minggu Wage jalaran dina iku minangka dina kang dipercaya jaman biyen kanggo nganakake tradhisih sedhekah bumi.

Tata urutan sajrone tradhisih sedhekah bumi ing desa Songowareng, Bluluk Lamongan iku nduweni makna filosofis, kaya dene; (1) Tahap wiwitan yaiku tahap persiapan acara, warga lan perangkat desa kumpul kanggo nemtokake dina, kerja bekti utawa reresik sendang lanadicara golek iwak lan ngeculake iwak ing sendhang; (2) Tahap pelaksanaan nalika dheng-dhenge tradhisih sedhekah bumi kayata nindakake nyekar ing pundhen Lingga lan Yoni, slametan, nyepur beras kuning, tayuban, wisudha sinoman, maca babad desa, ngiring gendhing pusaka lanadicara kang mbedakake karoadicara ing dhaerah liyane yaikuadicara kaula; (3) Tahap pungkasanaan yaiku hiburan seni tayub. Makna filosofis saka tata rakit sajrone tradhisih sedhekah bumi yaiku bisa nuwuhake nilai kekulawargaan, nilai gotong royong, nilai ketentreman, nilai pendhidhikan kanggo ndhidhik anak putu, nilai pakurmatan, nilai karukunan, nilai tatanan, nilai tontonan lan nilai tuntunan.

Ubarampe kang digunakake ing sajrone tradhisih sedhekah bumi, yaiku (1) ambeng, (2) cok bakal, (3) dhuwit, (4) beras kuning. Saben ubarampe kang digunakake ing tradhisih sedhekah bumi nduweni makna filosofis kang wigati kanggo masarakat ing desa Songowareng yaiku bisa nuwuhake rasa syukur, nilai tulung-tinulung lan nilai pendhidhikan kanggo anak putu.

Fungsi tradhisih sedhekah bumi kanggo masarakat ing desa Songowareng, yaiku (1) minangka alat pendhidhikan, (2) minangka hiburan, (3) ngleluri kabudayan Jawa, lan (4) minangka alat pengesahan pranata lan lembaga kabudayan.

## **Pamrayoga**

Adhedhasar panliten ngenani tradhisih sedhekah bumi, panliti njlentrehake pamroya, yaiku (1) tradhisih sedhekah bumi minangka warisan saka para leluhur, mula generasi paneruse kudu bisa njaga lan nglestarekake, (2) supaya nggugah panliti liyane kanggo nindakake panliten kang luwih jero ngenanai tradhisih sedhekah bumi lan (3) usaha kanggo inventarisasi lan dhokumentasi kabudayan kang ing wilayah kabupaten Lamongan mligine ing desa Songowareng kecamatan Bluluk.

## **KAPUSTAKAN**

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT Rineka Cipta.

Bakker. 1984. *Filsafat Kebudayaan Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Kanisius

Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kabudayan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Fauzi, Ahmad. 2003. <http://www.google.co.id>. *Pemahaman masarakat tentang tradisi fida'an UIN Malang*. Diakses tanggal Senin, 12 Februari 2013.

----- 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

----- 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogayakarta: PT. Bhuana Ilmu Populer.

Geertz, Clifford. 1989. *Abangan, Santri, Priyayi dalam Masarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jawa.

Herusatoto, Boediono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widya.

(info-Lamongan. [blogspot.com/2012/04/profil-kabupaten-lamongan.07.html](http://blogspot.com/2012/04/profil-kabupaten-lamongan.07.html)).

Koentjaraningrat. 1980. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.

----- 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.

- , 1985. *Pengantar Antropologi Budaya*. Jakarta: Rineka Cipta.
- , 1987. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia.
- , 1997. *Metode-Metode Penelitian Masyarakat*. Jakarta: PT Ikrar Mandiriabadi.
- , 2005. *Pengantar Antropologi I*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Kusbandrijo. 2007. *Menggali Filsafat dan Budaya Jawa*. Jakarta: Prestasi Pustaka.
- Kusumohamidjojo, Budiono. 2009. *Filsafat Kebudayaan Proses Realisasi Manusia*. Yogyakarta: Jalasutra.
- Luxemburg, Jan Van. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Maran, Rafael Raga. 2000. *Manusia&Kabudayaan Dalam Persepektif Ilmu Dasar*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Moeliono, Anton M. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia Edisi 2*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Moleong, Lexy. 2011. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Pigeaud, Th.G. 1924. De Tantu Panggelaran S' Gravenhage.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2012. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Riyanto, Yatim. 2007. *Metodologi Penelitian Pendidikan Kualitatif dan Kuantitatif*. Surabaya: Unesa University Press.
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa Rekonstruksi Normatif- Idealistik*. Malang: Aditya Media Publishing.
- Sololikin. 29-03-2013. Narasumber
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana.
- Sukarmen. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: UNESA University Press.
- Sumaryono,E.1999. *Hermeneutik Sebuah Metode Filsafat*. Yogyakarta: Kanisius.
- Suwarni& Widayati. 2011. *Dasar-Dasar Upacara Adat Jawa*. Surabaya: Bintang.
- Tim ISBD Unesa. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.
- Tim Javanologi. 2007. *Menggali Filsafat dan Budaya Jawa*. Jakarta: Prestasi Pustaka.
- Teeuw, A. 1988. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Yana. 2012. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Bintang Cemerlang.

